

### Ki kote mwen ka jwenn yon kopi Lwa Sekirite Travay la?

Lwa Sekirite Travay la twouve nan chapit 96 estati Jeneral Kawolin Dinò a epi nan tit 4, Kòd Administratif Kawolin Dinò a. Ou kapab aksede avèk yon kopi lwa sou gouvènans lan sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan [www.ncesc.com](http://www.ncesc.com), sitwèb Asanble Jeneral la nan [www.ncga.state.nc.us](http://www.ncga.state.nc.us), oswa sitwèb Biwo Administratif Odyans lan nan [www.oah.state.nc.us/rules](http://www.oah.state.nc.us/rules).

*Pwogram asirans chomaj la nan Kawolin Dinò administre pa Depatman Komès Kawolin Dinò a.*

### ENFÒMASYON KONTAK

#### Konsèy Administratif Revizyon

Depatman Komès [www.oah.state.nc.us/rules](http://www.oah.state.nc.us/rules)

Ka


Kawolin Dinò

Biwo Postal Box

28263

Raleigh, NC 27611

### LEVELS OF APPEALS - TAX



Pibliye pa Depatman Komès Kawolin Dinò a  
Fòmilè NCUI 571-E (Rev. 1/2016)



### FÈ APÈL YON OPINYON FISKAL

#### DEPOZE EKSEPSYON NAN YON OPINION FISKAL AVÈK JWENN RE- VIZYON JIDISYÈ NAN YON KA

Bwochi sa genyen enfòmasyon enpòtan konsènan dwa ou yo selon Lwa Sekirite Travay la. Li genyen enfòmasyon sou depozisyon eksepsyon yo avèk rechèch kontwòl Jidisyè de yon desizyon ki pa favorab nan yon ka rèsponsablite fiskal.

Si ou pa konfòme w avèk egzijans ki etabli pa lalwa, ou kapab pèdi dwa ou gen pou fè apèl.

**Pou demann ki te depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013, demandè yo fè sijè ranbousman oswa pèman anplis alokasyon ki te resevwa de nenpòt desizyon ki ranvèse aprè nan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).**



Pou plis enfòmasyon konsènan apèl ka in tax liability cases, vizite seksyon " Kesyon ki Souvan Poze yo" FAQ) nan Depatman komès Kawolin Dinò, sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan [www.ncesc.com](http://www.ncesc.com)

*Ou kapab jwenn yon kopi bwochi sa an espagnol nan biwo Depatman Komès la, Divizyon Sekirite Travay Kawolin Dinò a.*

**Odyans fiskal la fini, epi mwen apèn resevwa yon opinyon fiskal de Depatman Komès kawolin Dinò a, Konsèy Revizyon an. Kisa sa vle di?**

Manm konsèy la te konsidere tout prèv ki te bay nan dosye a epi te pran yon desizyon, sa rele yon Opinyon Fiskal, li te voye pa lapòs bay tout pati yo ki nan dosye a. Gade. 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1107.

**Kisa mwen ka fè si mwen pa dakò avèk yon Opinyon Fiskal la?**

Ou kapab aksèpte desizyon ki te pran nan Opinyon Fiskal la, oswa ou kapab mande Konsèy la pou rekonsidere desizyon li a. Pou mande Konsèy la rekonsidere, premyèman ou dwe fè depozisyon eksepsyon pou desizyon an. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Kisa eksepsyon yo ye?**

Eksepsyon yo se rezon espesifik yo ki fè ou pa dakò avèk Opinyon Fiskal la. Eksepsyon yo dwe depoze nan Konsèy la a lekri. Pa gen yon fòm espesyal pou fè depozisyon eksepsyon yo Opinyon. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Ki dat limit pou depozisyon eksepsyon mwen yo?**

Konsèy la dwe resevwa eksepsyon yo nan dis (10) jou aprè ou resevwa enfòmasyon de avi Fiskal la. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Kisa ki rive aprè mwen fè depozisyon eksepsyon yo?**

Manm Konsèy la pral revize eksepsyon ou yo, rejis ka a, epi dispozisyon ki aplikab pou Lwa Sekirite Travay la. Apresa Konsèy la pral emèt yon desizyon ekri k ap prezante eksepsyon w yo. Jeneralman Desizyon yo rele yon Odonans ki Akòde Eksepsyon an pati, epi rejte desizyon an pati. Non òdonans lan pral sitiye anwo adwat premye paj desizyon an. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Kisa ki yon Odonans Don Eksepsyon?**

Yon Odonans Don Eksepsyon vle di Konsèy la te jwe an favè w avèk konsiderasyon pou rezon ou te bay pou te di ou pa dakò avèk Opinyon

Fiskal la. Konsèy la kapab mete akote Opinyon Fiskal la si li akòde eksepsyon yo epi deside li ta dwe jwenn yon konklizyon diferan.

**Kisa ki yon Odonans Eksepsyon rejte?**

Yon Odonans pou rejte eksepsyon vle di Konsèy la pa te jwe an favè w avèk konsiderasyon pou rezon ki te fè ou te bay pou w te di ou pa dakò avèk Opinyon Fiskal la, epi p ap chanje desizyon an li te bay nan Opinyon Fiskal la.

**Kisa Odonans pou rejte eksepsyon an pati, avèk Akòde Eksepsyon an pati vle di?**

Yon Odonans pou rejte Eksepsyon an pati, avèk Akòde Eksepsyon an pati vle di Konsèy la te jwe an favè w avèk konsiderasyon pou rès eksepsyon ou yo.

**Si mwen pa dakò avèk desizyon Konsèy la sou eksepsyon mwen yo, Èske mwen ka rele dosye a nan tribinal?**

Wi. Ou kapab mande yon jij kou siperyè egzamine ka a. Yon demann pou egzaminasyon kou siperyè a rele yon petisyon pou egzamen jidisyè. Ou pral genyen yon chans pou asiste yon odyans anvan jij la. Si ou planifye pou rele ka a nan tribinal, premyèman ou dwe depoze eksepsyon yo nan Opinyon Fiskal la epi jwenn yon desizyon de Konsèy la sou eksepsyon yo anvan w chèche yon egzamen jidisyè Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Ki dat limit pou bay avètisman mwen vle yon egzamen Jidisyè?**

Ou dwe depoze yon avi de apèl la avèk Konsèy la nan delè dis (10) jou apati de dat ou resevwa avi de Konsèy la ke eksepsyon ou yo te rejte. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q). Soutit dosye a dwe ekri jan li deklare a nan N.C. Gen. Stat. § 96-4(r). Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-4(q) and (r).

**Kisa mwen dwe fè aprè mwen enfòmè Konsèy la mwen vle dosye a egzamine pa yon jij kou siperyè?**

Nan delè dis (10) jou aprè ou fin prezante avi ou an nan Konsèy la, ou dwe depoze yon deklarasyon apèl ki eksplike rezon espesifik yo, ki fè w pa dakò avèk desizyon ki rejte eksepsyon w yo. Deklarasyon an dwe depoze nan Konsèy la. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-4(q).

**Kisa ki rive aprè mwen depoze deklarasyon apèl mwen an ki eksplike rezon ki fè mwen pa dakò avèk desizyon Konsèy la pou rejte eksepsyon mwen yo?**

Nan trant (30) jou ki swivi resepsyon deklarasyon apèl ou an, Konsèy la pral depoze rejis ka a, enkli eksepsyon w yo, avèk kou siperyè nan zòn kote w ap viv la, mentni yon lye biznis oswa egzèsè aktivite komèsyal. Si pati ki fè apèl la ap viv oswa ap Mennen yon aktivite komèsyal andeyò eta a, rejis la pral depoze nan Kou Siperyè a nan Komin Wake nan Raleigh, Kawolin Dinò. Chak pati pral resevwa yon preyavi ekri de lè, dat, avèk lye odyans lan.

**Kisa yon jij ap chèche lè li revize yon dosye nan yon ka fiskal?**

Kou siperyè a fonksyone tankou yon kou dapèl pandan egzamen desizyon Konsèy la. Jij la p ap pran prèv siplemantè. Nan ka sa yo te pran prèv yo nan odyans lan devan Konsèy la. Jij la pral egzamine tout dosye a. Dosye a genyen dokiman avèk lòt evidans ki te prezante kòm prèv pandan odyans lan devan Konsèy la. Aprè dosye a fin egzamine, jij la dwe detèmine : (1) Si genyen nenpòt prèv konpetan devan Konsèy la pou konstatasyon fè sa yo; epi (2) si fè yo sipòte konklizyon lwa ki te fèt pa Konsèy la.

**Èske mwen dwe genyen yon reprezantasyon legal pou jij la tande petisyon egzamen jidisyè mwen an?**

Petèt. Reprezantasyon legal nan yon pwosesis jidisyè, tankou nan kou siperyè, dwe konfòm avèk chapit 84 prensip jeneral kawolin Dinò a avèk Règleman Bawo Deta Kawolin Dinò a. Ou ta dwe konsilte yon avoka pou konsèy legal konsènan dosye ou a epi pwosedi ou dwe swiv yo.

**Ki kote mwen ka jwenn yon avoka?**

Ou kapab rele Asosiyasyon Sèvis Referans Bawo Avoka (North Carolina Bar Association's Lawyer Referral Service) nan (800) 662-7660, Èd lalwa Kawolin Dinò a nan (866) 369-6923, oswa verifye repètwa telefòn lokal ou an.